

# **Èske sa te janm rive w nan Massachusetts pou yo di w y ap mete w deyò?**

**Ou ka sele dosye menas pou yo mete w deyò a!**

## **Èske w te konnen...**

Si yo fè w menas tribinal y ap mete w deyò, dosye tribinal kote yo di w y ap mete w deyò a disponib pou piblik la sou sit entènèt Pwosè Tribinal la.

Menm si w genyen dosye w la, ou jwenn yon antant ak pwopriyetè w la, oswa dosye w la ranwaye, dosye tribinal ou a disponib pou piblik la e yo ka itilize l kont ou lè w ap chèche yon lòt kote pou w rete.

**Apati 5 me 2025, gen yon nouvo lwa k ap aplike ki pèmèt lokatè yo “sele” dosye menas pou yo mete yo deyò a nan kèk kalite ka.**

**“Sele” vle di dosye menas pou yo mete yon moun deyò p ap disponib ankò pou piblik la.**

**Si w ka sele dosye menas pou yo mete w deyò a ap depann de kalite ak rezilta dosye w la.**

**Pwoteje tèt ou! Jwenn plis enfòmasyon:**

**[SealMyEviction.org](https://SealMyEviction.org)**

